

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Isu seks jeung gender mangrupa isu nu masih kénéh haneut tur aktual nepika danget ayeuna. Seks nyaéta tangtungan biologis anu aya dina diri awéwé jeung lalaki, atawa disebut rarangan téa. Istilah gender leuwih kana pasipatanana nu nyangkaruk dina diri awéwé jeung lalaki anu diwangun sacara sosial atawa kultural, misalna sifat lalaki téh kuat, maskulin, sedengkeun awéwé mah lungguh, feminin (Fakih, 1999:7). Nu matak, ti leuleutik, boh lalaki boh awéwé geus diajarkeun sarta dididik ngeunaan jenderana.

Sabenerna, ideologi gender nu nganggap lalaki leuwih dominan tibatan awéwé téh mangrupa warisan sarta pasualan anu nyangkaruk salila mangabad-abad. Ideologi jender patali pisan jeung pangaruh sistem sosial, budaya, politik, ogé aya nu matalikeun jeung agama.

Pamadegan masarakat ngeunaan kalungguhan awéwé tangtuna rupa-rupa, salah sahiji contona aya anu nétélakeun yén awéwé mah teu butuh atikan nu luhur, cukup di dapur, di sumur, jeung di kasur upamana cunduk waktu rumah tangga. Awéwé mibanda hak pangabutuh atikan anu luhur, sarua jeung lalaki. Awéwé salaku indung saestuna kapapancenan ngadidik, ngatik, tur ngaping anak generasi turunanana. Awéwé mibanda hak meunangkeun atikan. Mangpaatna keur nataharkeun pikeun ngadidik anakna di mangsa ka hareup. Dina agama Islam téh jelas-jelas miboga prinsip yén teu ngabedakeun manusa dumasar kana jenis kelaminna, tapi amal ibadahna. Hal-hal saperti kitu téh sacara nyamuni ilaharna kagambar dina karya sastra wangun carpon.

Salah sahiji buku kumpulan carpon anu eusina aya patalina jeung hak katut martabat kaum wanoja nyaéta *Haté Awéwé* karya Risnawati. Ieu buku

kumpulan carpon téh medal taun 2012. Dijerona aya 20 carpon, dipilih 6 judul carpon nu bisa ditalungtik ngaliwatan pamarekan féminisme.

Ilaharna tema carita wanoja dipatalikeun ngaliwatan tilikan féminisme. Perspektif féminisme tangtuna baé leuwih museurkeun panitén kana hal ihwal wanoja. Ku lantaran kitu, dina panalungtikan ieu, teu sakabéh carpon nu aya bisa ditalungtik ngaliwatan pamarekan féminisme. Carpon-carpon pinilih nu baris ditalungtik téh luyu jeung opat ciri carpon nu bisa ditalungtik ngaliwatan tilikan féminisme, disebutkeun ku Cheri Register dina Egleton (Isnendes, 2010:49), ciri-cirina nya éta jadi forum pikeun wanoja dina ngedalkeun aspirasina, ayana usaha pikeun ngahontal kasaimbangan budaya (androginitas), nyadiakeun métode conto ku jalan éksplorasi (patualangan) pangalaman anyar, jeung solidaritas di antara tokoh wanojana (*sisterhood*).

Panalungtik miboga dasar pikiran luyu kana nu dijéntrékeun ku Rutven dina Isnendes (2010:122),

“Kritik Sastra Féminisme diharapkan mampu membuka pandangan baru, terutama yang berkaitan dengan bagaimana karakter-karakter perempuan diwakili dalam sastra. KSF juga membicarakan bagaimana perempuan dilukiskan dan bagaimana potensi perempuan diketengahkan di tengah kekuasaan patriarki di dalam karya sastra”.

Panalungtikan skripsi/tesis nu aya patalina jeung tokoh wanoja sarta féminisme diantaranya:

1. “Karakteristik Tokoh Wanoja dina Kumpulan Carpon Mirah Dalima Karangan Kis WS,” (Tia Agustiani, 2002);
2. “Suara Perempuan dalam Novel Sunda Puputon ‘Buah Hati’ Karya Aam Amilia: Kajian Feminis,” (Retty Isnendes, 2004);
3. “Wanoja jeung Inferioritas (Kajian Feminis Kana Novel Carios Agan Permas Karya Joehana),” (Tarlan, 2007);

Damalia Suci Asihna, 2013

Kalungguhan Tokoh Wanoja Dina Kumpulan Carpon Hate Awewe Karangan Rismawati (Tilikan Féminisme)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

4. “Tokoh dina Novel Pipisahan Karya RAF (Kajian Psikologi Humanistik),” (Gugun Dedi Guntara, 2008).

Tina sababaraha panalungtikan-panalungtikan di luhur, tilikan féminisme kana kalungguhan tokoh wanoja nu baris ditalungtik katitén masih kénéh aya lolongkrang pikeun dipedar dina panalungtikan skripsi. Sanajan ieu judul panalungtikan aya nu saperti disebutkeun di luhur, anu baris ditalungtik tangtuna aya bedana, nyaéta beda karya sastra nu di analisisna, dina panalungtikan ieu karya sastrana nyaéta kumpulan carpon *Haté Awéwé*, jeung ambahan analisisna, nyaéta tilikan féminisme nu museurkeun kana kalungguhan tokoh wanoja dina carpon nu baris ditalungtik.

Sawangan panalungtik sakaligus pamaca carpon dina panalungtikan ieu dipiharep bisa méré kontribusi kana karya-karya sastra nu miboga ajén féminis anu satuluyna ditalungtik ngaliwatan Kritik Sastra Féminisme, sarta dipiharep bisa méré pamahaman ka pamaca séjénna katut para mahasiswa nu baris nalungtik ngeunaan Kritik Sastra Féminisme.

Ku sabab kitu, perlu ngayakeun panalungtikan anu judulna “*Kalungguhan Tokoh Wanoja dina Kumpulan Carpon Haté Awéwé karangan Risnawati: Tilikan Féminis*” mangrupa tarékah pikeun ngajembarkeun kumaha kalungguhan wanoja nu kagambarkeun dina carpon-carpon nu baris ditalungtik. Salian ti éta, ogé hasil panalungtikanana bisa dijadikeun eunteung pikeun para pamaca carpon, utamana ka para wanoja bisa ditiron amanah tina kalungguhanana.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Aya rupa-rupa pamarekan sastra, diantaranya pamarekan mimetik, ekspresif, pragmatik, objektif, struktural, semiotik, sosiologi sastra, resepsi sastra, psikologi sastra, moral, jeung féminisme. Numutkeun Djajanegara (2000:28),

fémínisme miboga ragamna, di antarana ragam kritik sastra fémínisme idéologis, ginokritik, sosialis (Marxis), psikoanalitik, lesbian, jeung étnik.

Anapon dina kasang tukang masalah jeung pamarekan sastra nu disebutkeun, ieu panalungtikan téh baris diwatesanan ku masalah struktur carita dina buku kumpulan carpon nu ditilik tina jihat kritik sastra fémínisme idéologis.

1.2.2 Rumusan Masalah

Sangkan masalah leuwih nyoko, diurutkeun dina wangun patalékan saperti ieu di handap

- 1) Kumaha struktur carita dina kumpulan carpon *Haté Awéwé* karangan Risnawati?
- 2) Kumaha kalungguhan tokoh wanoja dina kumpulan carpon *Haté Awéwé* karangan Risnawati ditilik tina jihat pamarekan kritik sastra fémínisme idéologis?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta ngadéskripsikeun carpon-carpon nu aya dina buku kumpulan carpon *Haté Awéwé* karangan Risnawati anu satuluyna ditilik ngaliwatan pamarekan fémínisme idéologis.

1.3.2 Tujuan Khusus

Tujuan khusus panalungtikan ieu nyaéta pikeun ngadéskripsikeun hal ieu dihandap.

- 1) Struktur carita (téma, galur, tokoh jeung panokohan, latar, amanat) dina kumpulan carpon *Haté Awéwé* karangan Risnawati.
- 2) Kalungguhan tokoh wanoja dina kumpulan carpon *Haté Awéwé* karangan Risnawati ditilik tina jihat pamarekan kritik sastra féminisme idéologis.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Teoritis

Sacara teoritis mangpaat tina ieu panalungtikan téh nyaéta dipiharep bisa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan larapna karya sastra carpon kana Kritik Sastra Féminisme (KSF) nu nyampak dina carpon *Haté Awéwé*, lian ti éta sangkan bisa nambahan pangalaman sarta pamahaman ka para mahasiswa atawa jalma nu mikaresep karya sastra nu ditilik ngaliwatan kritik sastra umumna, KSF idéologis hususna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sababaraha mangpaat praktis nu dipiharep bisa kahontal tina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Sacara akademis, panalungtik sorangan nambahan pangaweruh ngeunaan kumaha tata cara ngalarapkeun kritik sastra féminis;
- 2) Pikeun siswa, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngawanohkeun kumaha cara mikanyaho unsur intrinsik dina kumpulan carpon *Haté Awéwé* karangan Risnawati;

- 3) Pikeun pamaca karya sastra, sangkan bisa nambahan pangalaman sarta pangaweruh larapna carpon kana Kritik Sastra Féminisme;
- 4) Pikeun mahasiswa, sangkan nambahan élmu dina nyieun kritik sastra, tur ngahudangkeun kahayang neuleuman kritik sastra umumna, KSF hususna.

1.5 Raraga Tulisan

Hal nu dibahas dina Bab I mangrupa bagian munggaran atawa pamuka dina ieu skripsi, eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, watesan masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan. Dina Bab II dibahas ngeunaan kajian tiori nu dina panalungtikan ieu medar sajarah jeung kamekaran carpon, wangenan carpon, ciri-ciri carpon, unsur-unsur carpon, sajarah kritik sastra feminisme, wangenan kritik sastra féminisme, jeung ragam féminisme.

Bab III eusina téh nyaéta rupaning métode dina panalungtikan ieu skripsi. Komponen sub babna saperti desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, sumber data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan. Bab IV mangrupa hasil panalungtikan skripsi nu dipedar tur dianalisis sagala hasil pamanggih ngeunaan tilikan kalungguhan tokoh wanoja tina kumpulan carpon *Haté Awéwé* dumasar kana perspektif féminisme. Bab V mangrupa bab pamungkas medar kacindekan jeung saran tina sakabeh hasil panalungtikan nu dipedar dumasar kana hasil pamanggih ngeunaan tilikan kalungguhan tokoh wanoja tina kumpulan carpon *Haté Awéwé* nu ditalungtik ngaliwatan perspektif féminisme idéologis.